# moom am ndoxam lu laab la , am méddam it lu dagan la

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: jenn waay laaj na Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, nun danuy dugg ci géej gi, di yor tuuti ndox, bu nu ci jàppee daal di mar, ndax nu jàppu ci ndoxum géej gi? Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: «moom am ndoxam lu laab la , am méddam it lu dagan la».

[Wér na]

Jenn waay dafa laaj Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, ne ko: man damay war gaal nekk ci kaw géej gi ngir napp walla ngir yaxantu ak lu ko niru, nuy yor tuuti ndox mees man a naan, te bu nu ko jëfandikoo ci jàppu walla sangu day jeex te dunu am lu nu naan, ndax dana dagan nu jàppu ci ndoxom géej gi? Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax ci ndoxum géej ne: ndoxam mi dafa laab tey laabal; dana dagan a jàppu ak sangu, dagan na it ñu lekk la fay génne ci jën yu ndaw ak jën yu mag ak yeneen, donte dañu ko a fekk mu dee, daal di tëdd noonu ci lu dul ñu kenn napp ko.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee